
Pidgen


# CONDOM

## (Roba)






Papa and Mama de diskus about fork, but di mama no wan gree, bicos she think say time nefa reach for get anoda pikin.



Di man com tink say e good make him go famili planning klinic to see weda dem go hellep am there.





Di nurse for di klinic dey show people differen things wey people go use if dem no wan give their wife belle. He show dem as dem go put the roba wey dem dey call 'Kondom' for prik wey don stand up. He say the roba no go allow di 'man water' for enter inside woman toto. Dis mean say belle no go come if man wear dis roba. Even sef di roba no go gree man to catch woman sickness.



Di nurse come show how dem dey commot di roba. He say man go hol di part wey cover the mouth of the prik, come pullam small-small so dat di 'man water' wey dey inside no go enter inside di woman toto.






Di man come ask for roba and di nurse giffam.




Di man come take di roba go house. E kipam for di place pikin no go fit toucham.





Di man show im wife di roba. E tellam say di roba fit stop di belle wey dem no want. E talk say di roba no dey give any trouble.



Di man open one roba. E ussam as di nurse don showam for klinic.





Di man come fork im wife. Na one roba for one fork. E keep the rest for anoda time.




Di man com throway di roba wey dem don use inside latrine.






Di man wey use di roba come see him friend. E tellam about di roba but di friend say him nogo like to ussam.



Effen sef di nurse for famili planning tellam make e use roba if he wan fork woman but still, e no gree.





Dis man wey no dey hear word, come go drink for bar wey dey for their town. E come see one woman for di bar. E come fork di woman and e no use roba.




Dis yeye man see anoda woman for di same bar. E still fork am without roba.





Di wife of dis yeye man dey for house dey worri for di sake of im husband wey nefer come house. Di man come come home when e don finish fork plenty women without roba.



Dis folish man bigin dey get pain for im prik when e won piss bicos e don catch woman sickness di time wey e dey fork all dis woman dem without roba.





Him wife com bigin dey worri why im man dey get pain, e effen ask am. Di man wey dey use roba with im woman come see dis man wey no dey use roba and im wife. E come tellam say e for good if e been hear him word and use de roba for sake of woman sickness wey don catcham an im wife. E come tell dem say make dem go famili planning klinic for treatment and advice.



Di man and im wife come go famili planning klinic. Na dea dem give dem treatment to kill de sickness wey dem two catch.





Di nurse come show dem all the famili planning things wey dey for di klinic.



Di man an im wife come begin go home after nurse don gif dem roba.

PL
NGA
100

Planned Parenthood Federation of Nigeria